FALKLAND ISLANDS GOVERNMENT

# KUPARURWA KWEONGORORO YEPEKUGARA KWEVANOWANA MUHORO WEPASI NEFAQS

SEPTEMBER 2024



## Zvinorevei?

Uyu mutemo uri pasi pebumbiro re National Minimum Wage (2013) .Rinotaura kuti kana mushandi anotambira muhoro wepasi pasi achibatirwa mari yepekugara nezvimwe zvinodikwapo muenzaniso mafuta ekudziisa mumba,kubva pamuhuro wake zvinofanira kuitwa seizvi:mari yacho inofanira kunge iri chikamu che 50% kureva pakati nepakati pemutengo wepekugara pavhiki rimwe kusanganisira mafuta nezvimwevo.Pamusoro pazvo haifaniri kudarika £90.60 pavhiki rimwe.

Wongoro iyi ichapa mukana kuvashandirwi kuti vatipe zvezvimwe zvavanobhadharira vashandi vavo apo vanovapa pekugara kubva pamuhoro wavo.Hatisi hedu kutarisira kuti vatipe zvose

Wongororo iyi inorangarira kuti vemabhizimusi muChitsuwa cheFalkland vanofanira kupa vashandi vavo pekugara vachiyeukavo avo vano wana muhoro wepasi.

## Tinoda kunzwa kubva kunani?

Nyaya iyi iri kunyanya kubata vemabizimusi vanopa vashandi vavo pekugara nevashandi vanobhadhara pekugara pavo kumushandirwi wavo varizve vaya vanohora mari yepasi pasi.Hurumende yeFalklands iri kuda kunzwa kubva kumapoka maviri aya.

Zvichabuda muwongororo iyi zvichashambadzwa muzvirudzi zvinoti English,Spanish,Tagalog neShona kuitira kuti vanhu vazhinji vape fungwa dzavo.

## Sei Hurumende iri kuita wongororo iyi?

Bumbiro iri raivapo kubva mugore ra2013 risina kumboshandurwa izvo zvakapa mibvunzo mizhinji kwazvo maringe nemashandiro aro.

**Muhoro nepekugara–** mari iyo yakaramba yakangodaro kwemakore 11.Panguva iyi zvaiti muhoro uchikwira nepekugara pokwiravo

**Zinobata vanani–** Manyorerwe akaitwa bumbiro iri anobata vashandi vanobatirwa mari yepekugarapamuhoro wavo.Haribati avo vanozvibhadharira voga kana kuti vanopihwa pokugara mahara nevashandirwi vavo.

**Zvirikukwaniswa kuitwa panhau yemuhoro nepekugara–** parezvinhu inobata pekugarara nezvimwewo asi zvisina kunyatsotsanangurwa kuti zvii.Zvatinoti zvimwewo hazviwanzopihwa nemushandirwi uye zvinonyanya kubata vagari veMPC ,Camp nevi nzvimbo dzekushanyira.

FALKLAND ISLANDS GOVERNMENT

# FAQs



## Zvii zvisina kumira zvakanaka parezvinho?

Bumbiro harisati rambochinja kubva 2013 apa mitengo yepekugara nemihoro yepasi zvichikwira zvinemutsindo.

Zvimwechetezvo nemanyorerwe akaitwa bumbiro iri haaenderane nemashandisirwe ariri kuitwa parezvino.Zvichireva izvo kuti vashandi nevashandirwi varikusangana nematambudziko anovapinza parumana.

## Ishanduko dzipi dzirikutarisirwa?

Parezvino hapana matanho ati atorwa pakugadzirisa nyaya yepekugara iyi.Danho rekutanga richaitwa kubvuza vashandi ,vashandirwi ,vemabhizimusi uye nerumwe rudhende,Zvichibva ipapo mhindiro yemifungo yavo ichaongororwa pobudwa nesungano itsva.

Shanduko dzese dzichafungwa nevanhu panhau iyi dzichaendeswa kuExCo kuti dzidzkwe pasi sebumbiro idzva.

## Ndikapavo sei mafungiro angu nemaonere angu?

Wongororo iyi iachaparurwa musi wa 24 September 2024. Pachava newongoro yepadandemutande rinowanikwa apa : **https://www.falklands.gov.fk/policy/consultations**

Pacheve newongoro mbiri dzakasiyana zvichienderana nokuti uri mushandi here kana kuti mushandirwi. Mapepa ezvinyorwa izvi achange achitoreka ku Secretariat ozodzoserwa :

*Matt Daniel, Policy Department, The Secretariat, Thatcher Drive, Stanley.*

Pachava neungano mbirimazuva nenguva:

- **Thursday 10 October, 12-1pm, Harbour Lights Cinema Conference Room**
- **Tuesday 15 October, 5-6pm, Harbour Lights Cinema Conference Room**

Kana muchida kuziva zvizere batai: Matt Daniel, Policy Advisor (FIG), at
**mdaniel@sec.gov.fk**